# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 सितम्बर 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस भर में आजु श्रीकृष्ण जनमोत्सव सरधा अउर उछाह के साथे मनावल जा रहल हौ। मथुरा अउर वृन्दावन में श्रीकृष्ण जनमोत्सव क खास तइयारी कइल गइल हौ। भगवान कृष्ण क जनमस्थली मथुरा में श्रीकृष्ण जन्मभूमि मंदिर अउर वृन्दावन में श्री बांके बिहारी मंदिर, प्रेम मंदिर अउर इस्कॉन मंदिर के सथहीं सज्जो मंदिर के आकर्सक ढंगसे सजावल गइल बा। एगो रिपोर्ट–

*ब्रजमण्डल में भगवान श्रीकृष्ण का जन्मोत्सव श्रद्धा और उल्लास के साथ मनाया जा रहा है। कान्हा की जन्मभूमि को दुल्हन की तरह सजाया गया है। लाखों श्रद्धालु भगवान श्रीकृष्ण के दर्शन कर अभिभूत हो रहे हैं। यहां के प्रमुख मंदिर मथुरा श्रीकृष्ण जन्मभूमि, द्वारिकाधीश मंदिर, वृन्दावन स्थित विश्व प्रसिद्ध ठाकुर बांकेबिहारी जी मंदिर, इस्कॉन मंदिर, प्रियकांतजू मंदिर, चंद्रोदय मंदिर में कृष्ण जन्मोत्सव की धूम है। इस दौरान सांस्कृतिक कार्यक्रमों का क्रम भी जारी है। इस बीच आज सुबह मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने श्रीकृष्ण जन्मभूमि मंदिर में दर्शन पूजन किया और कृष्ण भक्तों का स्वागत कर उन्हें शुभकामनाएं दीं। मुहम्मद उमर कुरैशी, आकाशवाणी समाचार मथुरा।*

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो आजु श्रीकृष्ण जनमोत्सव में सामिल भइलें। उहां के श्रीकृष्ण जन्मभूमि मंदिर में विधि–विधान से दरसन अउर पूजन कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलेंकि सरकार आस्था क सम्मान करत सुविधा बढ़वलें त मथुरा अउर वृन्दावन आवे वाला सरधालुअन क संख्या हर सालि बढ़त गइल।

*हर वर्ष भारी संख्या में श्रद्धालु आ रहा है, जन्मभूमि के साथ–साथ वृंदावन में श्री बांके बिहारी मंदिर में, बरसाना में, नंदगांव में, गोवर्धन में, अब उनके लिए उसी प्रकार की सुविधा को और विकसित करने की तैयारी है। हमने कहा जितना हो सकता है करिए, श्रद्धालुओं की आस्था के साथ ठेस नहीं पहुंचनी चाहिए। उनकी सुविधा में कोई कमी नहीं रहनी चाहिए, ये इसलिए हुआ है क्योंकि आपकी भावनाओं को समझने वाली सरकारें हैं।*

मथुरा के जन्मभूमि मंदिर में आजु आधी राति भगवान कृष्ण के प्राकट्य के ले के खास अनुस्ठान कइल जाई। ओइजा भव्य श्रीकृष्ण जनमोत्सव के देखे बदे दुनिया भर से लोगि मथुरा पहुंचल हवें। ओइजा बनारस, प्रयागराज, लखनऊ अउर गोरखपुर के सथहीं प्रदेस के कई गो जिला में श्रीकृष्ण जनमोत्सव धूमधाम से मनावल जा रहल हौ। भगवान कृष्ण क लीला से जुड़ल झांकी लोगिन के आकरसण क खास केन्द्र बनि रहल हौ। गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में आयोजित श्रीकृष्ण जनमोत्सव समारोह में आजु देर राति मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो सामिल होइहें।

**********

भारत अंतरिक्ष क्षेत्र में एगो अउरियो बड़हन सफलता हासिल कइले हौ। भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन– इसरो आजु तड़के श्रीहरिकोटा से जी.एस.एल.वी– एफ–सेवेंटीन रॉकेट के जरिया से देस क पहिला पृथ्वी अवलोकन उपग्रह ई.ओ.एस–जीरो फाइव के सफल प्रक्षेपण कइलस। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी इसरो के येह उपलब्धि पर कहलें कि ई देस खातिर गर्व क क्षण हौ। ई सफलता भारत के अंतरिक्ष क्षेत्र क उत्कृष्टता, नवाचार अउर बढ़ि रहल क्षमता के देखावे ला। केन्द्रीय रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह उपलब्धि बदे इसरो के टीमि के बधाई दिहले हवें। इसरो क अध्यक्ष वी. नारायण कहलें कि ई मिशन भारत के पृथ्वी अवलोकन क्षमता के अउरियो मजबूत करी।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ शिक्षक दिवस पर बिहने गोरखपुर में प्रदेस के एक्यासी गो शिक्षक के राज्य अध्यापक पुरस्कार अउर मुख्यमंत्री अध्यापक पुरस्कार से सम्मानित करिहें। राज्य स्तरीय येह पुरस्कारन बदे बेसिक शिक्षा विभाग क एकसठि आ माध्यमिक शिक्षा विभाग क बीस गो सिक्षक क चयन कइल गइल हौ। पुरस्कार पावे वाला येह शिक्षक लोगि के प्रसस्ति पत्र आ स्मृति चिन्ह के सथहीं राज्य सरकार पचीस हजार रूपिया क धनरासियो देई।

**********

प्रदेस के कई गो जिला में रूकि–रूकि के बरखा क सिलसिला जारी बा। आजु प्रदेस के मध्य अउर पूरबी इलाका के कई गो जिला में बरखा के नाते तापमान में गिरावट दरज कइल गइल। मौसम विभाग अगिला दुइ दिन ले प्रदेस के कई गो इलाका में भारी बरखा क चेतावनी जारी कइले हवे। येह बिच्चे बरखा अउर बैराजन से पानी छोड़ले के नाते करीब दस गो नद्दी उफान पर हइनि। मुख्यमंत्री के निरदेस पर बाढ़ि से परभावित इलाकन में बड़हन स्तर पर राहति अउर बचाव कार जारी बा। ओहर, बनारस में गंगा अउर चित्रकूट में मंदाकिनी नदी क जलस्तर घटे लागल बा। चित्रकूट में बाढ़ि क पानी हटि गइले के बाद प्रसासन सड़किनि क सफाई अभियान सुरू कइले हवे।

**********